**दिन–रविवार** **दिनांक–20.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधानसभाक पांच दिवसीय मॉनसून सत्र काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि। पच्चीस जुलाई धरि चलयबला एहि सत्रक दरमियान कुल पांच बैसक होयत। विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव जनौलनि अछि जे सत्रहम विधानसभाक ई अंतिम सत्र अछि। श्री यादव कहलनि जे सत्रक पहिल दिन चालू वित्तीय वर्षक प्रथम अनुपूरक बजट सदनक पटल पर राखल जायत, जखनकि बाईस आ तेईस जुलाई के विधायी काज निपटाओल जायत। चौबीस जुलाई के अनुपूरक बजट पर वाद–विवादक बाद मतदान होयत आ सत्रक अंतिम दिन गैर सरकारी संकल्प लेल जायत।

---

संसदक मॉनसून सत्र सेहो काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि। सत्रक सुचारू संचालनक लेल नव दिल्ली मे आइ सर्वदलिय बैसक सम्पन्न भेल। बैसक मे सरकार दुनू सदनक सुचारू संचालनक लेल सभ राजनीतिक दल सँ सहयोग माँगलक। बैसक मे कतेको राजनीतिक दल सभक सदनक नेता शामिल भेलाह। एकैस अगस्त धरि चलयबला सत्रक दरमियान लोकसभा आ राज्यसभाक कुल एकैस बैसक होयत। एहि दरमियान जन विश्वास (संशोधन) विधेयक, राष्ट्रीय खेल प्रशासन विधेयक आ मर्चेंट शिपिंग विधेयक समेत कतेको महत्वपूर्ण विधेयक पर चर्चा कयल जायत।

---

प्रदेश मे चलि रहल मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण प्रक्रियाक अंतर्गत एखन धरि पंचानवे दशमलव नओ दू प्रतिशत गणना प्रपत्र जमा भऽ चुकल अछि। निर्वाचन आयोग कहलक अछि जे सात करोड़ सत्तावन लाख सँ बेसी गणना फॉर्म एकत्र कयल गेल अछि। आयोग कहलक जे आब मात्र बत्तीस लाख तेईस हजार तेईस मतदाता लोकनि कँ अपन फॉर्म जमा करबाक छनि। एहि लेल छओ दिन शेष बाँचल अछि। आयोगक अनुसार अभियानक क्रम मे एखन धरि चौदह लाख उनतीस हजार तीन सय चौबन मतदाता मृत पाओल गेल अछि। उनैस लाख चौहत्तरि हजार दू सय छियालीस मतदाता स्थाई रूप सँ स्थनांतरित भऽ गेल छथि, सात लाख पचास हजार दू सय तेरह मतदाता एक सँ बेसी स्थान

पर रजिस्टर्ड पाओल गेल, जखनकि एगारह हजार मतदाता अपन पता पर नहि पाओल गेल अछि। एम्हर प्रदेशक शहरी क्षेत्र मे आइ सभ बूथ पर विशेष शिविर लगाओल गेल।

———————————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता आ सांसद संजय कुमार झा कहलनि अछि जे राज्य मे मतदाता सूचीक गहन पुनरीक्षणक काज नीक ढंग सँ चलि रहल अछि। ओ कहलनि जे चुनाव आयोग एसआईआर केर काज के निष्पक्ष ढंग सँ करा पूर्ण करा रहल अछि। श्री झा कहलनि जे देशक नागरिक अछि, हुनके वोट देबाक अधिकार भेटबाक चाही।

———————————————————————

सूचना आ जनसंपर्क मंत्री महेश्वर हजारी कहलनि अछि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पूर्ण ऊर्जाक संग बिहार कँ विकसित बनयबाक लक्ष्यक लेल काज कऽ रहल छथि। समस्तीपुर मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री हजारी कहलनि जे विपक्ष मुख्यमंत्रीक स्वास्थ्य के लऽकऽ भ्रम पसारि रहल अछि। ओ कहलनि जे अगिला सरकार नीतीश कुमारक नेतृत्व मे बनत।

———————————————————————

प्रदेशक कतेको भाग सभ मे मॉनसूनक सक्रियता फेर बढ़ि गेल अछि। आइ भोरहि सँ राजधानी पटना समेत लऽग पासक जिला सभ मे हल्का बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान सीतामढ़ी, मधुबनी, सुपौल, पूर्णियां, अररिया आ किशनगंज जिला मे कतेको ठाम भारी बरखाक संभावना अछि। एहि दरमियान पटना समेत दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भाग सभ मे कतेको ठाम मेघगर्जन आ ठनका खसबाक आशंका अछि।

———————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भऽ रहल बरखाक कारण प्रदेशक नदी सभक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। पटनाक गंगा जोनक फलड कंट्रोल एंड ड्रेनेज दिस सँ जारी रिपोर्टक अनुसार पटना मे गंगा नदी खतराक निशान सँ शून्य दशमलव तीन सात मीटर आ समस्तीपुर मे अठत्तरि सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। संगहि गंगाक सहायक नदी सोन आ पुनपुन नदिक जलस्तर सेहो बढ़ि रहल अछि। पटनाक गांधी घाट पर गंगा नदिक जलस्तर खतराक निशान सँ पैंतीस सेंटीमीटर आ हाथीदह मे तेरह सेंटीमीटर ऊपर दर्ज कयल गेल। ओतहि,

कोइलवर मे सोन नदी आ किनजर मे पुनपुन नदिक जलस्तर खतराक निशान लऽग पहुँचि गेल अछि।

———————————————————————————

पटनाक निजी अस्पताल पारस एमआरआई मे कुख्यात चंदन मिश्राक हत्या मामिला मे कोलकाता सँ गिरफ्तार मुख्य आरोपी तौसिफ राजा समेत चारि अरोपी के पुलिस आइ पटना आनत। पुलिस स्पष्ट कयलक अछि जे शुरूआती पूछताछ मे पता चलल अछि जे हत्याक साजिश निशु खानक आवास पर रचल गेल छल। कतेको आन संदिग्ध सभ सँ पूछताछक प्रक्रिया चलि रहल अछि। ओतहि, पटनाक वरीय पुलिस अधीक्षक कार्तिकेय के. शर्मा आइ भोर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ हुनकर आवास पर भेंट कयलनि। पुलिस अधीक्षक करीब पंद्रह मिनटक भेंटक दरमियान एहि चर्चित हत्याकांड सँ जुड़ल एखन धरिक पुलिस कार्रवाईक जनतब मुख्यमंत्रीक संग साझा कयलनि।

———————————————————————————

समाप्त